



**Haines City High School / International Baccalaureate**

**We are Hornet Nation One Team, One Dream**

2800 Hornet Drive Haines City, FL 33844

Phone: **863-421-3281**

Fax: **863-421-3283**

Chè Paran/Gadyen,

Bi lèt sa a se pou enfòmasyon w elèv ou a pral pran sou òdinatè “Florida Standards Assessments (FSA)” (Evalyasyon Estanda Florid) Grade 9, 10 or Retake” (9yèm, 10yèm oubyen Repriz) [“ELA Writing /ELA Reading/Mathematics (Redaksyon ELA/Lekti ELA/Matematik) e/oubyen evalyasyon Algebra 1/Geometry/Algebra 2 End-of-Course (EOC)” (Fen Kou Aljèb 1/Jewometri/Aljèb 2), nan dat ant fevriye 27th ak 26th Me. Elèv ou a ap gen yon opòtinite pou patisipe nan yon egzamen pratik pou l vin abitye avèk platfòm egzamen ki baze sou òdinatè, kalite kesyon ak fòm repons l ap gen pou l wè pandan evalyasyon FSA yo. Si oumenm oubyen elèv ou a ta renmen revize egzamen pratik sou òdinatè a lakay, egzamen pratik ak repons yo disponib nan <http://www.fsassessments.org/students-and-families/practice-tests/>.

Pou enfòmasyon konsènan longè sesyon egzamen pou tout evalyasyon FSA Prentan 2017 yo, silvouplè vizite Pòtal FSA a nan [www.fsassessments.org](http://www.fsassessments.org), klike sou senbòl “Students and Families” (Elèv ak Fanmi), epi chwazi “Spring 2017 Testing Times” (Lè Egzamen Prentan 2017) yo.

Silvouplè revize règ k ap suiv yo avèk elèv ou a anvan egzamen an:

■ Aparèy Elektwonik—Yo pa pèmèt elèv sèvi avèk okenn aparèy elektwonik ki gen ladan, men ki pa limite a, telefòn pòtab, telefòn “smart”, ak mont “smart”, nan kèlkeswa moman pandan egzamen an oubyen pandan poz (egz. ale nan twalèt), menmlè yo fèmen yo oubyen elèv pa itilize yo. Si yo jwenn elèv ou a avèk yon aparèy elektwonik, y ap anile egzamen li a.

■ Kalkilatis—Yo pèmèt elèv Matematik 7yèm ak 8yèm ane eskolè itilize kalkilatis yo apwouve sèlman pandan SESYON 2 ak 3. Pou evalyasyon EOC, yo pèmèt itilizasyon kalkilatis yo apwouve sèlman pandan SESYON 2 a. Si elèv te gen kalkilatis nan men yo pandan Sesyon 1 an, yo ap anile egzamen yo a. Yo pa pèmèt itilizasyon kalkilatis pandan egzamen Matematik 3yèm–6yèm Ane Eskolè.

■ Deklarasyon Konpreyansyon Règleman pou Egzamen an—Tout egzamen FSA yo gen ladan yon Deklarasyon Konpreyansyon sou Règleman Egzamen an ki di: “Mwen konprann règleman egzamen yo fèk li pou mwen yo. Si mwen pa suiv règleman sa yo, yo ka anile nòt mwen pou egzamen an.” Anvan yo bay egzamen an, moun ki ap administre egzamen an ap li règleman yo pou elèv yo, e elèv yo dwe fè konnen yo konprann règleman egzamen an nan siyen anba deklarasyon sou fèyè planifikasyon yo, feyè travay yo, oubyen katab travay yo. Diskite Kontni Egzamen an Aprè Egzamen—Dènye pòsyon règleman pou egzamen yo li pou elèv yo anvan yo siyen anba Deklarasyon Konpreyansyon Règleman pou Egzamen an di: “Akoz sekirite kontni tout evalyasyon atravè eta a, ou pa dwe diskite oubyen devwale detay konsènan tèks oubyen kesyon aprè egzamen an. Sa gen ladan nenpòt kalite komunikasyon elektwonik, tankou “texting” (voye tèks), lèt elektwonik, oubyen poste enfòmasyon sou Entènèt, pa egzant, sou sit Entènèt tankou “Facebook,” “Twitter,” oubyen “Instagram.” Silvouplè asire w elèv ou a konprann, “diskite” kontni egzamen yo gen ladan nenpòt kalite komunikasyon elektwonik, tankou voye tèks, lèt elektwonik, oubyen poste enfòmasyon sou “blogs” oubyen sit Entènèt medya sosyal yo. Menmlè elèv pa dwe pataje enfòmasyon sou kontni egzamen ki sekirize aprè egzamen, règ sa a pa fèt pou anpeche elèv diskite eksperyans yo fè nan egzamen yo avèk paran/fanmi yo.

■ Travay Endepandan—Elèv yo responsab pou fè pwòp travay yo pandan egzamen an e pou yo pwoteje repons yo pou lòt moun pa wè yo. Si yo jwenn elèv ap triche pandan egzamen, yo ap anile egzamen yo a. Anplis, “Florida Department of Education (FDOE)” (Depatman Edikasyon Florid) anplwaye yon konpayi sekirite egzamen, “Caveon Test Security” (Sekirite Egzamen Caveon), pou analize rezilta egzamen elèv yo pou detekte modèl repons ki parèt etranj tèlman yo sanble. Yo ap anile rezilta elèv nan yon lekòl yo jwenn avèk modèl repons ki ekstrèmman sanble.

\* Kite Kanpous la—Si elèv ou a kòmanse yon sesyon egzamen e kite kanpous la anvan li fini l (pou repa midi, yon randevou, oubyen maladi eks.), yo pap kite l retounen nan sesyon egzamen sa a. Si elèv ou a pa santi l byen jou egzamen an, li ka pi bon pou l tann e pran egzamen an nan yon jou ratrapaj. Silvouplè sonje pou w pa pran randevou nan jou egzamen yo.

\* Akomodasyon pou Egzamen—Si elèv ou a gen yon “Individual Education Plan (IEP)” (Plan Edikasyon Endividyèl), plan Seksyon 504, oubyen plan “English Language Learner (ELL)” (Moun ki Ap Aprann Lang Anglè), silvouplè kontakte lekòl la pou diskite akomodasyon pou egzamen yo pral bay elèv ou a.

Si w gen nenpòt kesyon ki gen rapò ak administrasyon egzamen sa a, ou ka kontakte Brian Koster nan 863-582-1531, [brian.koster@polk-fl.net](mailto:brian.koster@polk-fl.net). Pou plis enfòmasyon konsènan pwogram FSA a, silvouplè vizite Pòtal FSA a nan [www.FSAssessments.org](http://www.FSAssessments.org).

Mèsi dèske w sipòte e ankouraje elèv ou a pou li fè maksimòm efò pandan administrasyon egzamen sa a.  
Sensèman,

Adam Lane



**Haines City High School / International Baccalaureate**  
**We are Hornet Nation      One Team, One Dream**

2800 Hornet Drive Haines City, FL 33844

Phone: **863-421-3281**  
Fax: **863-421-3283**